

Fèy Enfòmasyon



Konsantre:

Endepandans pou avèg ak pwoblèm vizyèl

Akreditasyon:

National Accreditation Council for Blind and Low Vision Services



Gwo Patwone:

The Florida Department of Education, Division of Blind Services, the State of Florida and United Way of Broward County

Lighthouse of Broward

650 N. Andrews Ave.
Fort Lauderdale, FL 33311
Tel: (954) 463-4217
Fax: (954) 764-3825

Vision@lhob.org

www.LHOB.org



Lighthouse of Broward, ki te fonde an 1973, se sèl asosyasyon prive 501(c)(3) ki pa travay pou fè pwofi nan Konte Broward ki bay sèvis edikasyonèl ak reyabilitasyon konplè ak konsèy pou timoun ak granmoun avg ak sa ki gen pwoblèm vizyèl. Lighthouse ki sèvi plis pase 2,550 moun chak ane, e ki akredite pa National Accreditation Council for Blind and Low Vision Services, se yon ajans ki se patnè United Way, ak yon manm nan Florida Association of Agencies Serving the Blind, VisionServe Alliance, avèk Nonprofit Executive Alliance of Broward.

MISYON

Misyon yo se bay lidèchip, sèvis, defans pou moun, ak resous ki nesesè pou amelyore lavi moun ki avèg e ki gen pwoblèm vizyèl nan Konte Broward, epi ba yo pouvwa pou yo viv endepandan, an sante, jwen travay ak lavi miyò.

STATISTIK

Konte Broward, ki gen apeprè 150,000 moun ki avèg oswa ki gen pwoblèm vizyon, se konte ki gen plis moun ak pwoblèm vizyèl nan peyi Etazini.

SÈVIS

Men sèvis yo ofri nan biwo a, a domisil, avèk/oswa lòt kote nan kominote a:

Bright Beginnings se yon pwogram devlopman ak sipò pou timoun ak paran yo depi lè yo fèt jiska 5 an

David and Jean Colker KIDS Program ofri on kan dete ak aktivite 2 wikenn chak mwa ak jou lekòl fèmèn pandan ane skolè a pou timoun 6 a 13 zan

Low Vision Clinic ede kliyan ki pa finn wè byen avèk piblik la en jeneral, an patenarya avèk Nova Southeastern School of Optometry nan lokal biwo a. Yo fè suivi a domisil pou montre w kijan pou sèvi ak rès vizyon ki rete w la, epi tou kijan pou w sèvi ak aparèy ki pou ede w wè pi byen. Yo gen dwa voye bòdwo bay konpayi asirans ou pou sa.

Teen LIFE se yon pwogram pou jèn adilt ki gen laj 14 a 21 nan. Li konsantre sou eksplorasyon karyè, preparasyon pou travay, eksperyans travay, aprann teknik pou ede w vin endepandan, ak preparasyon pou inivèsite.

Vital Living ede w aprann teknik ki ka ede w viv endepandan, mache san danje, san ou pa frape, sèvi ak òdinatè, entènèt, telefòn entelijan ak adaptasyon pou gwo teknoloji pòtab nan aparèy pou pran nòt, an plis de konsèy endividyèl ak an gwoup. Pwogram Vital Living se yon pwogram ki fèt pou granmoun.

Ready to Work bay kou pou apran idantifye talan ak objektif, ekri rezime, ranpli aplikasyon pou travay, teknik pou al nan entèvyou, konstwi abitud travay konpetitif, aprann kijan pou konpote tèt ou nan travay, ak apran rezoud pwoblèm pou simonte obstak leu wap chèche travay

Workforce Enterprises kreye opòtinite pou moun ki avèg e sa ki gen pwoblèm vizyèl, pou ede yo fè kòb pou yo viv e peye taks yo, diminye depandans yo sou sipò gouvènman an, epi tou ogmante angajman nan kominote a.